




LKPD

Lembar Kerja Peserta Didik Modul 1 “Geguritan”



Disusun Oleh : Dahlia Nurul Amalah, S.Pd



Para kanca, apa kowe mangerteni babagan geguritan?

Coba gatekna geguritan ing ngisor iki!

Geguritan 1

Runtah

Daning: Dahlia

Runtah

njeprah ora nggenah
 madhul-madhul
 sedhuwur gunung
 nganti nyundhul wulan kluwung
 saben liwat
 mambune ora kuwat
 saben udan
 nggawe tangis bebrayan
 umah-umah padha kerem
 turu bae ora bisa merem
 merga runtahe nyong kowen
 kapan musnahe
 kur dadi pangangen-angen



Owahing Jaman

Tangi turu, HP....
Arep turu, HP...
Arep mangan, HP ...
Arep sekolah, HP...
Mulih sekolah, HP ...
Ing jamban, uga dikancani HP...



HP wis dadi pepujan
Ing endi papan
Mesam-mesem dhewekan
Bocah-bocah adoh saka dolanan
Jamuran
Gobag sodhor
Congklak
Engklek
Egrang
Dadi kelangan
Digusur dening maneka tontonan

Wujud game-game an
Lan youtube an
Luwih narik wigati
Para taruna panerus bangsa


Kudu ngati-ati
Aja nglali kuwajiban dhiri
Sinau kang tenanan
Tumuju kesuksesan





Gladhen

Sakwise maca geguritan ing dhuwur, jlentrehna panemumu babagan wosing (isi) geguritan ing dhuwur!



Apa wae nilai-nilai luhur kang kaandhut saka geguritan kasebut?
Pilihèn jinis nilai-nilai luhur kang kaandhut sajrone geguritan ing dhuwur kanthi menehi tandha ✓ !

Mbuwang runtah ing endi wae

Dadi bocah kudu seneng karesikan

Aja mbuwang runtah sakkarepe dhewe

Dolanan HP nganti ora eling wektu

Awake dhewe kudu nguri-uri dolanan tradhisional

Nuwuhake rasa tanggung jawab nalika nggunakake HP

Aja lali tumrap kuwajibane murid

Sinau iku ora wigati banget tumrap para siswa

Kudu tenanan anggone golek ilmu

Aja dolanan game nganti ora eling kuajiban